



Pou Piblikasyon Imedya: 22/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE AKÒ TRAVAY 4 ANE AK ASOSYASYON VOLONTÈ LAPOLIS ETA NEW YORK LA

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke administrasyon li an te rive jwenn yon akò kontraktiyèl ak Asosyasyon Volontè Lapolis Eta New York (Police Benevolent Association of New York State, PBANYS) pou yon manda 4 ane k ap dire jiska 31 mas 2023, ki te ratifye pa manm sendika a yo.

"Mwen kontan PASKE nou jwenn yon akò kontraktiyèl avèk gason ak fanm vanyan Asosyasyon Volontè Lapolis Eta New York la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou rekonesan paske pwofesyonèl sa yo nan premye liy pwoteksyon Nouyòkè yo chak jou, epi kondisyon akò sa a reflekte rekonesans nou ke sa yo se travay enpòtan ki gen anpil valè."

Prezidan PBANYS ak Direktè Sèjan Lapolis Park la, Manny Vilar, te deklare, "Nan non prèske 1,200 manm nou yo, Asosyasyon Volontè Lapolis Eta New York la eksprime rekonesans sensè li bay Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan jwenn yon kontra ak manm nou yo. Nou gen konfyans ke akò sa a ak administrasyon Gouvènè Hochul la se yon siy pozitif pou bagay k ap vini yo pandan n ap kontinye travay pou bay manm nou yo konpansasyon ak rekonesans ki nesèsè pou rekrute ak kenbe ofisye ki pi divèsifye ak kalifye nan eta New York la."

Kontra a, ki kouvri ofisye polis ki sèvi Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York la (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) ak State University of New York (SUNY) (Inivèsite Eta New York), gen ladann yon ogmantasyon salè 2 pousan pa ane pou chak ane akò a ki konfòm ak lòt anplwaye Eta yo. Kontra a gen ladan tou lòt chanjman nan konpansasyon ki konfòm ak devwa travay yo ak responsablite yo ak chanjman nan akò negosyasyon kolektif la. Akò a te rezoud plis pase 160 doleyans ak lòt litij, epi ogmante finansman konjwen ant sendika ak jesyon pou pwogram fòmasyon ak avantaj anplwaye yo. Pati yo te dakò tou ak règleman ki genyen souteknoloji, kamera yo pote sou kò, ak orè. Yo te deja aplike chanjman nan asirans sante ak lè siplemantè pou inite a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)